



DELRAY BEACH FIRE RESCUE

**DELRAY BEACH
FIRE RESCUE
DIVIZYON SEKIRITE DIFE**

Enfòmasyon pwogram chak ane pou
enspeksyon dife

Kisa nap enspekte?

- Kondisyon sòti, operasyon pòt sòti, siy sòti, zòn sòti bilding, etc.
- Kondisyon enteryè ak eleman konstriksyon rezistan dife
- Limyè ijans
- Bon jan adrès bilding lan
- Aparèy pou etenn dife ki disponib epi ki montre dat sèvis aktyèl yo
- Dosye pou alam dife ak sistèm pwoteksyon dife dosye tè s pou sistèm jesyon lafimen (si prezan)
- Plan evakyasyon ijans (si youn egziste oswa si li nesèsè).
- Chaj lokatè afiche.
- Dosye tè s pou sistèm sekirite dife: alam dife, awozwa dife, ponp dife, sistèm kapo, aparèy pou etenn, etc.
- Bwat knox - èske gen yon bwat knox an plas ak kle pòt yo apwopriye ak kle panèl alam dife?
- Elektrik - èske gen kòd ekstansyon elektrik yo itilize kòm yon ranplasman pou fil elektrik pèmanan, etc.
- Pwoteksyon GFCI deyò ya de 6 pye pou pi piti kote yon sous dlo.
- Antretyen nan wout aksè aparèy dife ak liy dife.

Kòm chak lokatè ak estrikti inik, lis sa a ka pa kouvri tout kondisyon sekirite dife pou biznis ou. Si yo jwenn nenpòt kondisyon ki ka vyole Kòd Prevansyon Dife nan Florid, Òdonans Vil la oswa mete lavi oswa pwopriyete an danje, enspektè a pral fè w konnen epi bay yon lòd pou mande pou yo korije kondisyon an imedyatman. Y ap refè enspeksyon pita pou konfime vyolasyon an te korije.

Kòd aplikab:

Administratif Florid 69A-60: Kòd pou prevansyon dife nan Florid: NFPA 1. Kòd Dife, Edisyon Florid & NFPA 101. Kòd pou Sekirite Lavi, Edisyon Florid: Òdonans vil la: Enspeksyon Sekirite Kont Dife 96.02

Enspeksyon an ka rive de fwa nan douz mwa, men li p ap janm rive de fwa nan menm ane fiskal la ki komanse de 1ye Oktòb rive 30 Septanm.

Aprè enspeksyon an

N ap voye yon imèl ba ou kap soti nan MobileEyes nan adrès ou te bay enspektè a pandan vizit la. Si w pa resevwa imèl ki soti nan MobileEyes pandan fen jounen enspeksyon w la, tcheke katab spam ou oswa katab junk, paske li ka ale nan katab sa. Si w pa jwenn imèl la toujou, kontakte enspektè w la, pou li kapab voye enfòmasyon ba ou.

IMEL LA AP GENYEN:

[Rapò enspeksyon an](#)

- Rapò a ap eksplike nenpòt vyolasyon enspektè w la te remake pandan enspeksyon w la.
- Rapò a pral sèvi kòm dosye pou ou lè enspeksyon ou fini.
- Enspektè w la ap retounen, pa pi bonè pase 30 jou, pou verifye si yo te korije vyolasyon yo te rekòmande yo (si genyen).
- Si vyolasyon yo te korije, w ap resevwa yon lòt rapò ki deklare pwopriyete w la/biznis ou pa gen vyolasyon.

TIKÈ PEMAN

- Tikè peman genyen frè enspeksyon asosye.
- Frè sa a pa asosye ak okenn vyolasyon yo jwenn men yo baze sou gwosè ak kalite biznis oswa bilding yo te enspekte.
- Frè a ka varye pase sa yo te fè nan tan lontan an kòm orè vil la apwouve kounye a aplike konplètman.

Frè pou yon enspeksyon anyèl dife ak sekirite lavi?

Ou ka jwenn enfòmasyon sou frè yo nan:

www.Delraybeachfl.gov/government/city-departments/fire-rescue

KESYON SOU ENSPEKSYON SEKIRITE DIFE AK LAVI A, PÈMI OSWA FRÈ? KONTAKTE

DELRAY BEACH FIRE RESCUE

561-243-7400

FIRESAFETY@MYDELRAYBEACH.COM

Dokiman sa a se pou enfòmasyon sèlman, li pa yon ranplasman pou yon enspeksyon.